

**COMMONWEALTH MASSACHUSETTS
DEPATMAN SANTE MANTAL**

AVI SOU DWA

Pou bay tout pasyan ki gen 16 ane ak plis yo

Ospitalizasyon Volontè Kondisyonèl
M.G.L. Chapit 123, Seksyon 10 ak 11

Ou gen dwa pou w konsilte yon avoka oswa asistan jiridik konsènan enpak legal ospitalizasyon volontè kondisyonèl la anvan ou siyen yon Aplikasyon pou Swen ak Tretman sou yon Baz Volontè ki Kondisyonèl. Ou ka konsilte pwòp avoka ou. Kòm altènativ, ou ka konsilte yon moun nan

_____ lè w rele _____
biwo asistans legal lokal nimewo telefòn
pandan lè travay nòmal yo oswa ou ka konsilte Ofisye Dwa Moun etablisman an lè w rele ekstansyon _____pandan lè travay nòmal yo.

Yon fwa ou siyen aplikasyon pou ospitalizasyon volontè kondisyonèl la epi etablisman an aksepte aplikasyon w lan, ou dwe siyen yon avi twa jou si ou deside kite etablisman an. Ou ka mande èd avèk avi sa a nan men pèsonèl etablisman an. Ou pa ka kite etablisman an jiska twa jou (sof samdi, dimanch ak jou ferye) apre ou fin siyen ak soumèt avi a.

Pandan twa jou yo apre ou fin soumèt avi w la, etablisman an ka deside liberasyon w ap kreye yon domaj grav pou tèt ou oswa pou lòt yo sou baz maladi mantal ou. Si se konsa, Sirentandan an oswa lòt responsab etablisman an ka depoze yon petisyon pou angajman sivil ou nan etablisman an pou yon peryòd jiska sis mwa. Si yo depoze yon petisyon, Tribinal Distri a pral kòmanse odyans lan nan senk (5) jou ouvab, san konte samdi, dimanch ak jou ferye yo. W ap oblije rete nan etablisman an jiskaske odyans lan fini sof si etablisman an deside ba w egzeyat anvan odyans lan fini. Yon yon avoka pral reprezante w nan odyans lan.

Sepandan, si yo pa depoze yon petisyon pou angajman sivil, yo pral ba w egzeyat pa pita pase fen twazyèm jou a apre ou fin ranpli avi twa jou ou a (eksepte samdi, dimanch ak jou ferye).